

# Pifò nan Anplwaye yo kalifye pou Konje Peye pou Fanmi ak pou Rezon Medikal (Paid Family & Medical Leave, ki rele tou PFML)



## Paid Family & Medical Leave (PFML) se tan konje peye ou genyen pou okipe tèt ou oswa moun nan fanmi w.

- Avantaj pou moun ki rete nan Massachusetts
- Ou touche ant 60% ak 80% nan salè nòmal ou
- Kapab dire ant 12 ak 26 semenn, swivan rezon ki fè ou pran konje a
- Pwoteje travay ou

### PFML peye pou 4 kalite Konje ...



#### Konje Medikal (jiska 20 semenn)

si ou gen yon ka sante grav ki anpeche ou travay



#### Konje pou Nouvo Pitit (jiska 12 semenn)

pou abitye avèk yon pitit ou fenk fè pandan 12 premye mwa apre timoun lan fè, oubyen ou adopte li, oubyen yon ajans ba ou okipe li



#### Konje pou Okipe Fanmi (jiska 12 semenn)

pou okipe yon moun nan fanmi w ki gen yon ka sante grav



#### Konje pou Sèvis Militè (jiska 26 semenn)

pou okipe zafè yon moun nan fanmi w ki nan sèvis aktif (oubyen ki pral ladan anvan lontan), oubyen pou okipe yon moun nan fanmi w ki pran yon chòk pandan li nan sèvis aktif.

### Kilès ki kalifye pou konje peye ?

Pifò nan anplwaye yo kalifye. Kondisyon ou devan sèvis imigrasyon pa gen enpòtans. Ou dwe satisfè kondisyon sa yo :

- Ou peye taks epi ou resevwa yon fòmilè taks W-2.
- Ou se yon anplwaye nan nenpòt biznis oswa ajans leta nan Massachusetts, oubyen ou te yon anplwaye nan yon biznis oswa ajans leta nan Massachusetts pandan 6 dènye mwa ki pase yo.

### Ou ka pran konje ki koresponn avèk tan ou bezwen.

Chwazi youn, oswa melanje plizyè nan 3 opsyon sa yo :

**Konje yon sèl kou :** Ou pa pral vini nan travay pandan plizyè jou oswa plizyè semenn kole youn ak lòt

**Plan konje redwi :** Ou pral travay swivan yon kalandriye limite (men ki memm jan) pandan 2 semenn oubyen plis youn dèyè lòt

**Konje dekoupe :** Sikontans ou yo pa previzib ni regilye. Ou bezwen tan konje pou koresponn avèk tan ou pral bezwen

### Pou fè Aplikasyon

1. Di responsab kote ou travay la ou bezwen pran konje a
2. Pou Konje Medikal oswa Konje pou Okipe Fanmi, doktè ou dwe ranpli yon fòmilè  
**Medikal :** [mass.gov/PFMLForm1](http://mass.gov/PFMLForm1)  
**Fanmi** [mass.gov/PFMLForm2](http://mass.gov/PFMLForm2)
3. Pou fè aplikasyon nan telefòn oswa anliy : Rele nimewo telefòn **833-344-7365** oubyen ale nan adres [paidleave.mass.gov](http://paidleave.mass.gov)

### Men kisa ou pral bezwen bay :

- Pyès Idantite gouvènman ba ou (ID) avèk foto w sou li (Eta, gouvènman federal, oswa goubènman etranje)
- Dat konje ou dwe kòmanse ak fini (da ki koresponn avèk nenpòt sètifikasyon medikal oswa fanmilyal)
- Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) oswa Nimewo Idantifikasiyon Pèsonnèl ou pou Taks (ITIN)
- EIN kote ou travay la (ki ekri nan Kare B nan W-2 ou)

(Gen kote moun travay ki gen plan prive. Yo pa sèvi avèk plan Eta a. Mande kote ou travay la kouman pou fè aplikasyon.)

**Èske ou gen kesyon ?** Kontakte Department of Family & Medical Leave

(Ajans pou Konje pou Fanmi ak Rezon Medikal)

